

Enfòmasyon Kontak OCME

Pou enfòmasyon jeneral ak asistans, ou ka kontakte OCME 24 sou 24, sèt jou sou sèt lè w rele 212-447-2030.

Lòt Resous ak Sipò

OCME kenbe yon lis ajans ak òganizasyon byenfezans ki ofri resous pou konsèy nan ka lanmò, sevis pou viktim ak asistans pou antèman.

Pou lòt enfòmasyon, tampri ale nan sitwèb nou an nan nyc.gov/ocme oswa rele **Inite Sansibilizasyon an nan 212-323-1350**. Inite Sansibilizasyon an disponib chak jou soti 9 a.m. rive 5 p.m.

Nòt:



Sètifikasi Lanmò, Rapò Otopsi ak Pwopriyete Pèsonèl

E si mwen pa kapab fè aranjman pou antèman?

Gen resous ki ka disponib pou ede ak antèman/kremasyon pwòch ou. Si w pa kapab fè aranjman pou antèman oswa ou bezwen plis tan, tanpri rele Inite Kontak an nan 212-323-1350 pou plis oryantasyon. Inite Sansibilizasyon an disponib chak jou soti 9 a.m. rive 5 p.m.

Kijan mwen ka jwenn yon sètifikasi lanmò?

Direktè finery ou a ka ede w jwenn kopi sètifikasi lanmò a. Nou ka jwenn sètifikasi lanmò a tou dirèkteman nan men **Biwo Estatistik Vital Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) Estatistik Vital**. Pou enfòmasyon sou fason pou jwenn yon sètifikasi lanmò atravè DOHMH, rele 311 oswa ale nan www1.nyc.gov/site/doh/services/death-certificates.page.

Kijan pou m jwenn rezulta egzamen an?

Koz ak fason lanmò a pral rapòt sou sètifikasi lanmò a.

Nan ka yo fè yon otopsi, gen yon kopi rapò otopsi a (ki gen ladan tout rapò laboratwa ki mansyone yo) disponib gratis epi pwochen manm fanmi ki pi pwòch la ka mande l nan <https://www.nyc.gov/site/ocme/records-requests/records-requests-familynok.page>.

Pifò rapò otopsi yo ak rapò laboratwa asosye yo fini epi pare pou voye yo nan 90 jou, men gen kèk ka ki bezwen plis tan pou fini yo tout rapò tès yo. Apre yo fin fè egzaminasyon an, si ta gen lòt kesyon sou Pou konklyyon yo, pwochen manm fanmi an ka rele **Kowòdonatè Medsen Lejis la**. Medsen Legal yo atravè liy prensipal OCME a nan 212-447-2030.

Kisa sa vle di si kòz lanmò sou sètifikasi lanmò a "annatant plis analiz"?

Souvan, Medsen Lejis la dwe reyalize lòt tès pou detèmine kòz ak/oswa jan lanmò pwòch ou a te rive. Nan ka sa a, kòz inisyal la ak jan lanmò a rive a sou sètifikasi lanmò ka parèt "Annatant Plis Analiz." Lòt tès yo ka gen ladan killti mikwobyojoli, tès toksikolojik, egzamen echantyon tisi avèk yon mikwoskop ak/oswa analiz dosye medikal oswa lòt rapò ankèt.

Lè Medsen Lejis la te resevwa ak revize rezulta lòt tès yo, l ap bay yon rapò otopsi epi sètifikasi lanmò a ap korije pou reflete kòz ak jan lanmò a te rive. Pifò ankèt yo fini nan 90 jou, malgre gen kèk k ap pran plis tan. Sonje ou pa bezwen tann yo remèt sètifikasi lanmò korije pwòch ou a pou libere l bay ponp finèb.

Ki kote yo te sere byen pèsonèl pwòch mwen an?

Lè yon moun mouri andeyò yon etablisman swen sante epi si pa gen manm fanmi, yo ka kenbe byen pèsonèl yo nan rezidans lan oswa pote yo bay lapolis nan komisarya kote lanmò a te rive a; apati lokal sa a y ap transfere l bay Grefye Byen Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD). Si pwòch ou a mouri nan yon etablisman sante, nenpòt byen pèsonèl ki te sou li oswa avèk li lè yo te resevwa li pral sere an jeneral nan etablisman an. Anplwaye OCME yo ka ba ou non ak nimewo telefòn ajans/etablisman apwopriye a pou swivi.

Byen pèsonèl yo gen ladan rad ak lòt objè yo ka transpòte bay OCME ap libere apresa sa yo lage li bay antèpriz finery lè moun ou renmen ki mouri a lage. Nan ka omisd oswa sikorans ki parèt sisplèk, NYPD ka kenbe byen yo kòm prèv.

Vil Nouyòk
Biwo Medsen Lejis an Chèf la

Sèvi Fanmi ak Kominote yo Pandan Tan Gwo Bezwen

Anketè:

Sant Medsin Legal:

Nimewo Dosye OCME:

Nimewo dosye a itil lè w ap rele OCME.



OCME cares
commitment • accountability
resilience • excellence • service

Poukisa OCME enplike?

Biwo Medsen Lejis an Chèf (OCME) la responsab pou anekte tout lanmòt moun nan Vil Nouyòk akòz vyolans kriminèl, aksidan, swisid, evènman sibit pandan l parèt an bon sante, san pa gen doktè ki wè l, nan etablisman koreksyonèl yo oswa nenpòt lòt sikontans yo sispek.

OCME pwoteje sante piblik ak fè jistis san patipri atravè syans ak medsin legal. Anketè lanmò endependan nou yo ak analiz prèv yo bay repons pou fanmi ak kominate yo pandan moman gwo bezwen.

Ki kote y ap mennen pwòch mwen an?

Selon kote ak sikontans lanmò, y ap transpòte pwòch ou a nan youn nan twa sant OCME yo pou egzamen ak/oswa gade l. Sant sa yo sitiye nan Manhattan, Brooklyn ak Queens. Y ap defini ak ba w yon nimewo dosye OCME pou sèvi kòm referans, ansanm ak kote y ap mennen pwòch ou a.

Si w gen kesyon sou lokal aktyèl pwòch ou, tanpris kontakte Inite Kominikasyon 24/7 la atravè liy prensipal OCME a nan 212-447-2030.

Egzaminasyon, Idantifikasyon ak Pwosedi Liberasyon

Èske yon otopsi obligatwa?

Y ap deziyen yon Medsen Lejis (patolojis legal) pou egzamine pwòch ou a, an jeneral nan maten apre yo rive nan kote Medsin Legal la. Medsen Lejis la ap responsab pou detèmine kòz ak jan lanmò a rive. Yo ka fè yon otopsi pou detèmine sa a.

Yon otopsi se yon egzamen ekstèn oswa entèn moun ki mouri a. Pandan yon otopsi, Medsen Lejis ka kenbe echantiyon pou tès dyagnostik. Okenn nan tès sa yo p ap anpeche yo libere pwòch ou pou aranjman pou antèman, epi otopsi a p ap entefere nan vizit kò a.

Nan pifò ka yo, desizyon pou fè yon otopsi p ap lakòz okenn reta pou yo libere pwòch ou a bay ponp finèb la. Si w kont yo fè yon otopsi, ou dwe enfòme OCME osito sa posib nan rele Inite Kominikasyon 24/7 nou an atravè liy prensipal OCME a nan 212-447-2030. Desizyon final konsènan si pou yo reyalize yon otopsi, se Medsen Lejis la k ap pran l, kote li ka kontakte w pou plis desizyon.

Kilè yo ka libere pwòch mwen an pou l ale nan yon ponp finèb?

Pwòch ou ka libere apre yon egzaminasyon fin fèt epi egzijans idantifikasyon yo satisfè. Nan pifò ka yo, y ap egzamine pwòch ou a epi l ap pare pou libere nan jou apre li rive nan OCME. Sepandan, gen kèk ka ki mande plis tan. Ou ka tcheke sitiysyon pwòch ou a lè w kontakte Inite Sipò Medsen Lejis la atravè liy prensipal OCME a nan 212-447-2030.

Yo ka libere pwòch ou a bay yon direktè ponp finèb lisansye.

Kiyès ki ka reklame yon moun ki mouri pou aranjman fineray?

Moun ki ka elijib pou fè aranjman pou antèman gen ladan sila yo nonmen yo nan yon dokiman moun ki mouri an te erki, yon mari/madanm oswa patnè nan kay, timoun adilt, paran, frè/sè oswa lòt moun oswa òganizasyon k ap aji nan non moun ki mouri a. Pou enfòmasyon sou reklamasyon pwòch ou a dapre Lwa Sante Piblik Eta Nouyòk la, tcheke direktè ponp finèb la oswa avoka.

Kisa pwosedi idantifikasyon moun ki mouri a ye?

Chak moun ke OCME pibliye yon sètifikasi lanmò pou li gen yon egzijans idantifikasyon. Idantifikasyon pwòch ou a ka fèt apati nan kèk fason, ki gen ladan anprent, idantifikasyon vizyèl, dosye medikal ak dantè oswa konparezon ADN. Metòd idantifikasyon an pral varye selon sikontans yo. Manm fanmi yo pa bezwen vizite yon etablisman OCME pou konfime yon idantifikasyon pwòch nan pifò ka yo. Nan dat egzaminasyon an, w ap resevwa kontak yon reprezantan OCME ki pral bay plis direksyon.

Pandan konvèsasyon sa a, yo ka mande pou w bay oswa konfime enfòmasyon demografik ki pral itilize pou idantifikasyon moun ki mouri a ak sètifikasi lanmò, tankou tout non legal ak dat nesans moun ki mouri a. Si OCME detèmine yon vizit an pèsòn nesesè pou konplete idantifikasyon an, yon manm nan ekip la ap kontakte w pou òganize yon randevou nan youn nan sant sèvis fanmi nou yo.

Kiyès nan OCME ki entèvní sou sèn lanmò a?

Lè yon lanmò rive andeyò yon etablisman swen sante (ak nan kè ka etablisman swen sante), ou ka wè oswa rankontre ak yon Anketè Medsin Legal (MLI) ak/oswa yon manm Ekip Transpò Medsen Lejis la (METT).

Anketè Medsin Legal

Anketè Medsin Legal la kolekte enfòmasyon pou ede Medsen Lejis la detèmine kòz ak jan lanmò a te rive. MLI mennen ankèt sou sèn nan kote lanmò a te rive a epi ka fè entèvyou ak ou pou jwenn enfòmasyon empòtan sou antedesan moun ki mouri a. Sa ka gen ladan enfòmasyon tankou antedesan medikal ak sosyal ak evènman ki mennen nan lanmò li. Anketè.

Medsin Legal la travay pou OCME ak pa yon ofisyel lapolis.

Ekip Transpò Medsen Lejis

METT jere transpò moun ki mouri soti nan plas lanmò a rive nan youn nan sant medsin legal nou yo. METT itilize ekipman espesyalize pou transfere pwòch ou a nan yon fason ki diy ak pwofesyonèl.

Ki kote mwen ka wè pwòch mwen an?

Nou ankouraje manm fanmi ki vle wè pwòch yo pou yo kontakte yon direktè ponp finèb ki ka ede ak aranjman final yo ak ekspozisyon nan ponp finèb la.